

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa téh mahluk sampurna anu diciptakeun ku Allah Swt. Ku sabab, manusa mah dibéré uteuk pikeun ngakal jeung mikir. Najan kitu, kamekaran akal jeung pikir téh gumantung kana masing-masing individuna. Salasahiji cara pikeun ngamekarkeun akal jeung pikiran, nyaéta maluruh atawa nyiar informasi keur dirina. Nyiar informasi téh bisa ku cara neuleuman ngeunaan cara hirup jeung papada jalma, cara neuleuman karakter jalma lianna, atawa cara hirup mahluk lianna, kayaning sato jeung tutuwuhan.

Ari nu ngabutuhkeun informasi téh lain baé jalma sawawa, pikeun budak ogé penting. Ieu hal patali jeung dunyana sorangan, anu sakapeung mah leuwih *imajinatif* pikeun maham ngeunaan pasualan kahirupan. Salian ti éta, budak ogé salawasna boga karep pikeun nyangkem sagala informasi boh patali jeung dirina, boh patali jeung sabudeureunana. Ieu informasi téh saterusna bakal ngaronjatkeun *kognisi*, *emosi*, jeung kaparigelan budak dina nyanghareupan kahirupanana.

Sedengkeun pikeun ngaronjatkeun kognisi, emosi, katut kaparigelan budak. Salasahijina ngaliwatan karya sastra. Ieu hal luyu jeung hakékat sastra anu mibanda sipat éndah, sarta bisa méré kasugemaan ka nu macana. Di sagigireun éta, karya sastra ogé ngandung ma'na nu nyamuni di satukangeunana. Éta ma'na téh eusina bisa waé ngeunaan étika jeung moral.

Ku cara loba maca karya sastra, budak bakal nyangking pangaweruh jeung sawangan pribadi ngeunaan sastra jeung kahirupan. Anu saterusna pangaweruh anu dicangking tina karya sastra téh bakal ngajanggélék jadi *prilaku insani* atawa *human behavior*, tina sawangan nu sipatna abstrak jadi paripolah nu sipatna kongkrét (Tarigan, 1984, kc. 7).

Kasusastraan téh salasahiji hasil tina kabinangkitan kasenian. Ku sabab kitu, sastra ilaharna disebut “seni sastra.” Seni sastra mangrupa kagiatan kréatif

atawa kagiatan cipta, nyaéta kagiatan anu ngahasilkeun hal nu anyar ngagunakeun media basa. Sastra téh magrupa hasil kagiatan kréatif manusa dina ngedalkeun implenganana ngagunakeun basa (Rusyana, 1982, kc. 5). Patali jeung éta hal, Iskandarwassid (2016, kc. 135) ngabagi wangun karya sastra jadi tilu bagian, nyaéta (1) wangun lancaran (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancaran (prosa) nyaéta dongéng, carita pondok, roman, jeung novél. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) nyaéta mantra, kakawihan, sisindiran, sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun anu kaasup wangun paguneman (drama) nyaéta sandiwara, opera, jeung gending karesmén.

Objék nu bakal dijadikeun panalungtikan téh nyaéta novél. Karya sastra novél téh saéstuna mah mangrupa struktur anu mibanda ma'na (Sugihastuti & Suharto, 2002, kc. 43). Novél teu saukur ngawujud leunjeuran carita anu méré kasugemaan nalika dibaca, tapi mangrupa struktur atawa adegan pikiran anu disusun ku unsur-unsur nu silideudeul sarta sililengkepan sarta mibanda ma'na *éstétik*. Ku kituna, karya sastra (novél) bisa numuwuhkeun pamadegan jeung implengan sajatining batiniah nu ngagelarkeun pangarang. Kitu deui karya sastra baris mibanda ma'na minangka *obyek estetik* upama dima'naan (diajén) ku pamacana ku cara disurahan téksna atawa sok disebut *interpretasi*, *konkrétisasi*, *naturalisasi* jeung *rékuperasi* (Vodicka, jeung Teeuw dina Pradopo, 1995, kc. 106).

Nurutkeun Esten (1978, kc. 8), jejer, gagasan jeung gelarna sastra téh nyoko tina kanyataan-kanyataan dina kahirupan. Tapi, lain harti éta hal téh mangrupa hiji-hijina cara dina ngagelarkeun karya sastra. Karya sastra lain ngan saukur titiron ti alam. Tapi leuwih ti éta karya sastra minangka penafsiran-penafsiran alam jeung kahirupan.

Disawang tina nu macana, novél dina sastra Sunda bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa, nya éta: 1) novél barudak; 2) novél rumaja; 3) jeung novél déwasa (Sudaryat spk, 2007, kc. 151). Nilik kana papasingan novél, objek novél anu rék ditalungtik téh nya éta novél rumaja.

Encep Nurhidayat, 2018

NOVÉL DEMUNG JANGGALA KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA

NOVÉL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Basa nu digunakeun dina novél nyaéta basa nu gampang kacangkem ku rumaja, luyu jeung tingkat kamekaranana. Pesen atawa amanat nu ditepikeun ngawengku ajén moral jeung atikan nu geus diluyukeun jeung tingkat kamekaran tur kamampuhna (Kurniawan, 2009, kc. 4-5).

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun, yén novél rumaja nyaéta novél nu luyu pikeun bacaeun rumaja. Nu jadi palaku utama dina éta novél téh nyaéta rumaja jeung alam sabudeureunana. Masalah nu dicaritakeun dina novél téh patalina jeung kahirupan rumaja. Kitu ogé dina nyanghareupan jeung ngaréngsékeun éta masalah tangtu luyu jeung pikiran, émosi, katut jiwa rumaja.

Novél nu dijadikeun objék dina panalungtikan, judulna *Demung Janggala*. Ieu novél karangan Tatang Sumarsono, dipedalkeun ku Geger Sunten, citakan kahiji Agustus 1993, citakan kadua Méi 2011, jeung citakan katilu April 2013. Dumasar kana tinimbangan, novél *Demung Janggala* bisa dijadikeun bahan panalungtikan lantaran geus lulus tur sah digunakeun di Sakola dumasar Keputusan Gubernur Jawa Barat Nomer: 481.3/Kep.1271-Disdik/2010 Tanggal 22 Séptémber 2010. Lian ti éta, ieu novél téh euyeub ku ajén kamanusaan, ajén moral jeung *kearifan lokal*, anu bisa ditulad ku para rumaja.

Tina sawatara panalungtikan anu ngagunakeun objék novél *Demung Janggala* nu geus dibaca, di antarana :

1. “Ajén Patriotis dina Novél *Demung Janggala* Karya Tatang Sumarsono” (Skripsi Jaja Sujana, 2006, UPI).
2. “Adegan Kalimah Transitif dina Novél *Demung Janggala* Karangan Tatang Sumarsono” (Yayang Ridwan, 2004, UPI).
3. “Keterjalinan Latar Sebagai Penunjang dalam Membina Watak Tokoh Utama dalam Novél *Demung Janggala*” (Rikaeni Dinardah, 1998, Unpad).

Anu dipedar dina panalungtikan di luhur aya tilu. Kahiji, nyaéta ngeunaan ajén patriotis atawa pamolah jeung tindakan tokoh enggoning mancegkeun ajén diri jeung kulawargana. Kadua, ngeunaan adegan kalimah transitif atawa nu aya

Encep Nurhidayat, 2018

NOVÉL DEMUNG JANGGALA KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

patalina jeung kabasaan nu nyampak dina novél *Demung Janggala*. Sedengkeun nu katilu, nyaéta ngeunaan patalina kasang tukang salaku pangdeudeul dina ngawangun watek atawa karakter tokoh utama dina novél *Demung Janggala*.

Sok sanajan objékna sarua, tapi puseur panitenna mah béda. Dina ieu panalungtikan, nu dipaluruh téh nyaéta struktur carita sacara gembler jeung ajén étnopédagogik. Hasil panalungtikanana dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA.

Dumasar kana data nu aya di pabukon, can aya nu nalungtik struktur carita jeung ajén étnopédagogik tina ieu novél, boh dina wangun skripsi di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda UPI, boh dina wangun tesis di Sekolah Pascasarjana Prodi Bahasa jeung Budaya Sunda UPI. Ku kituna, pikeun ngeuyeuban pangaweruh kana sastra, utamana kana sastra rumaja nu ngagunakeun basa Sunda, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novél *Demung Janggala*?
- 2) Unsur étnopédagogik naon waé nu nyangkaruk dina novél *Demung Janggala*?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan novél *Demung Janggala* dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan mibanda dua aspék, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Eusi tujuan panalungtikan nu leuwih jéntré, baris dipedar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina panalungtikan “Novél *Demung Janggala* Karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA (Ulikan

Encep Nurhidayat, 2018

NOVEL DEMUNG JANGGALA KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
NOVEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Struktural jeung Étnopédagogik),” nyaéta pikeun ngawanohkeun novél Sunda di sakola, ku cara dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan anu dipiharep bisa dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun :

- 1) struktur carita novél *Demung Janggala* karya Tatang Sumarsono.
- 2) unsur étnopédagogik nu nyangkaruk dina novél *Demung Janggala* karya Tatang Sumarsono.
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan ngeunaan novél *Demung Janggala* karya Tatang Sumarsono pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Eusi mangpaat panalungtikan nu leuwih jéntré dipedar di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun masarakat hususna pikeun barudak sangkan leuwih reueus kana karya sastra utamana karya sastra nu ngagunakeun basa Sunda. Ngaliwatan karya sastra dipiharep bisa ngaronjatkeun minat maca katut inteléktual barudak minangka seuweu Sunda nu kréatif tur ngajén kana budayana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya ogé mangpaat sacara praktis nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, saperti di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung wawasan ngeunaan karya sastra wanda novél.

Encep Nurhidayat, 2018

NOVÉL DEMUNG JANGGALA KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh masarakat kana novél, sarta bisa ngarojong sangkan leuwih réa pangarang Sunda nu ngahasilkeun karya sastra.
- 3) Pikeun guru basa Sunda, ieu panalungtikan bisa dijadikeun *alternatif* bahan pangajaran.
- 4) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun minat maca kana karya sastra nu ngagunakeun basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil panalungtikan dina ieu tesis disusun kalawan sistematis jadi lima bab, saperti di handap.

- 1) BAB I Bubuka. Eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis), jeung raraga tulisan.
- 2) BAB II Ulikan Tiori. Eusina ngeunaan tiori nu aya patalina jeung tiori novél, tiori struktural, tiori étnopédagogik, tiori maca, jeung tiori bahan pangajaran.
- 3) BAB III Metode Panalungtikan. Eusina ngeunaan desain panalungtikan, metode panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.
- 4) BAB IV Hasil Panalungtikan. Eusina ngeunaan hasil analisis jeung pedaran unsur struktural jeung ajén étnopédagogik dina novél *Demung Janggala* karangan Tatang Sumarsono. Hasilna dilarapkeun pikeun *alterntaif* bahan pangajaran maca novél di SMA.
- 5) BAB V Kacindekan jeung Saran.